

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

1.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis, déskripsi, jeung tafsiran data téh ébréh tilu pokok bahasan nyaéta ngeunaan motif carita, struktur carita, jeung ajén budaya dina dongéng Nusantara anu motifna cinta bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

Dina ieu panalungtikan dibagi jadi tilu bagian utama. *Kahiji*, motif carita nu kapanggih dina dongéng *Sasakala Candi Prambanan* (wilayah Tengah), *Sasakala Nyale* (wilayah Wétan), jeung *Sasakala Gunung Tangkuban Parahu* (wilayah Kulon) nyaéta motif cinta. *Kadua*, struktur carita nu ngawengku téma, galur, latar, jeung palaku dina dongéng *Sasakala Candi Prambanan*, *Sasakala Nyale* jeung *Sasakala Gunung Tangkuban Parahu*. Téma dongéng *Sasakala Candi Prambanan*, *Sasakala Nyale* jeung *Sasakala Gunung Tangkuban Parahu* téh nyaéta cinta/kasih anu teu laksana/ditampik. Galur nu digunakeun dina unggal dongéng nyaéta mérélé (*alur lurus*). Latar-latar nu kapanggih dina unggal dongéng béda-béda, dina dongéng *Sasakala Candi Prambanan* kapaluruh opat latar tempat, salapan latar waktu, jeung dua latar sosial, dina dongéng *Sasakala Nyale* kapaluruh aya tujuh latar tempat, genep latar waktu, jeung dua latar sosial, nu pamungkas dina dongéng *Sasakala Gunung Tangkuban Parahu*, kapaluruh aya 16 latar tempat, 13 latar waktu, jeung dua latar sosial. Palaku anu kapaluruh dina dongéng *Sasakala Candi Prambanan* aya lima palaku, palaku dina dongéng *Sasakala Nyale* aya opat palaku, pamungkas palaku dina dongéng *Sasakala Gunung Tangkuban Parahu* aya tujuh palaku.

Katilu, ajén budaya nu kapanggih dina dongéng *Sasakala Candi Prambanan*, *Sasakala Nyale* jeung *Sasakala Gunung Tangkuban Parahu* téh aya 12 data. Anu ngagambarkeun hakékat manusa jeung hirup kumbuhna (MH), manusa kudu yakin kana kakuatan do'a aya tilu, anu ngagambarkeun hakékat manusa jeung karya (MK), manusa kudu bisa nyumponan sagala kahayangna aya dua, anu ngagambarkeun hakékat manusa jeung lolongkrang waktu (MW), manusa kudu bisa ngamangpaatkeun waktu aya tilu, hakékat manusa jeung alam (MA), manusa

Khaffid Syahrul Ilman KRP, 2023

TRILOGI DONGÉNG NUSANTARA NU MOTIFNA CINTA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN BUDAYA)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kudu bisa ngamangpaatkeun sumber daya alam di sabudeureunna aya dua, jeung hakékat manusa jeung papada manusa (MM), pamingpin anu mikanyaah rahayatna, kitu ogé rahayat anu mikanyaah pamingpinna aya dua.

1.2 Rékomendasi

Sabada dilakukeun panalungtikan, aya sawatara saran anu kudu ditepikeun nyaéta:

Kahiji, dina ieu panalungtikan mung saukur nalungtik motif carita, struktur carita, jeung ajén budaya dina dongéng Nusantara anu motifna cinta. Ku kituna, masih perlu diayakeun panalungtikan nu sarua sarta leuwih teleb deui dina mesék eusi caritana tug jadi hiji bahan munel pikeun dunya paélmuan di bidang sastra. Hal éta téh lantaran sampel anu dipaké objék panalungtikan henteu gembler.

Kadua, tina hasil panalungtikan miharep aya nu ngaévaluasi tur ngabebenah, komo dituluykeun mah dilengkepan deui dina panalungtikan séjén.